



Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 11 GWROUP IMOBILYE PRENSIPAL KI SELEKSYONE NAN KAD EMPIRE BUILDING CHALLENGE POU FÈ AVANSE BILDING KI BON POU KLIMA NAN ETA NEW YORK

NYSERDA ak patnè prensipal Empire Building Challenge lan te kreye nouvo resous dijital pou sipòte dekarbonizasyon bilding sou gwo echèl

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te chwazi 11 gwo gwoup byen imobilye nan twazyèm faz 50 milyon dola Empire Building Challenge pou fè avanse bilding plizyè fanmi ki bon pou klima nan Eta New York. Anons jodi a te gen ladann tou lansman "Manyèl Renovasyon Gwo Bilding" (Retrofit Playbook for Large Buildings) – yon resous gratis sou entènèt pou sipòte pwopriyetè bilding yo avanse netralite kabòn nan gwo bilding komèsyal ak plizyè fanmi, ki gen ladann yon seri gid planifikasyon ki espesyalman vize pou pèmèt dekarbonizasyon espas biwo komèsyal yo. Empire Building Challenge New York la ak Manyèl (Playbook) konplèman a se yon pati entegral pou akselere pwogrè Eta a nan direksyon objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Actm CLCPA) pou diminye emisyon gaz a efè sè nan 85 pousan jiska 2050 ak objektif Gouvènè a pou devlope de milyon kay ki bon pou klima.

"Envesti nan nouvo teknoloji pwòp, rezistan se sèlman youn nan fason New York ap fè pwogrè nan direksyon objektif anbisyè Lwa sou Klima nou yo, epi Empire Building Challenge se youn nan pwogram ki gen plis siksè nan dekarbonize bilding ki wo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa a kontinye demontre kijan patenarya kolaboratif yo ka devlope solisyon ki diminye emisyon danjere nan bilding yo, kreye espas ki pi an sante pou tout Nouyòkè yo viv ak travay, epi mwen pa ka tann pou m wè sa nouvo faz sa a pral pote."

Nouvo Patnè

Atravè Twazyèm Faz Defi a, ki te administre pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), yo te chwazi 11 patnè byen imobilye pou aplike pwojè demonstrasyon renovasyon ki ka repwodwi epi ki ba nan kabòn ki abòde youn oswa plis obstak pou

dekabonize bilding plizyè fanmi yo. Patnè ki fèk atribiye yo ansanm posede plis pase 1.7 milyon pye kare nan byen imobilye ak 133,500 inite rezidansyèl atravè Eta New York, ki gen ladan plis pase 18,700 inite lojman abòdab. Patnè sa yo ap fè avanse 29 bilding ekspozisyon nan pwogram Empire Building Challenge – 25 ladan yo nan [kominote defavorize](#), jan Gwoup Travay sou Jistis Klimatik Eta New York la defini sa. Prim sa yo pral tou debloke plis pase 50 milyon dola nan investisman prive nan men patnè byen imobilye Challenge pandan y ap atire founisè solisyon globalman pou pote inovasyon ak investisman biznis nan Eta New York.

11 patnè yo ak ekip yo pral resevwa 100,000 dola yo chak pou sipòte devlopman plan dekabonizasyon yo a, trase diferan chemen ak pwojè yo planifye pou yo egzekite. Pwogram yo rekonpanse yo gen ladan:

Ascendant Neighborhood Development

- Ekip la gen ladan: MaGrann Associates ak Paul A. Castrucci Architects
 - Twa bilding:
 - 58 E 132 St., New York, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 61 inite
 - 53 E 131 St., New York, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 28 inite
 - 421 E 116 St., New York, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 63 inite

Chartered Properties

- Ekip la gen ladan: LaBella Associates, Optimized Thermal Systems, Sunamp
 - Sèt bilding, 95 inite angaje nan netralite kabòn:
 - 1336-40 Bergen St., Brooklyn, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 24 inite
 - 1342 Bergen St., Brooklyn, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 16 inite
 - 226 Schaefer St., Brooklyn, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, sis inite
 - 586 Wilson St., Brooklyn, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, sis inite
 - 55 Arlington St., Brooklyn, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, sis inite
 - 78 Herkimer St., Brooklyn, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 29 inite
 - 462 Nostrand St., Brooklyn, NY
 - Rezidans nan pri abòdab, uit inite

Fairstead

- Ekip la gen ladan: Kelvin Systems ak Inglese Architecture & Engineering
 - Jiska sèt bilding, ki mennen nan 45 W 139 St., New York, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 256 inite; ki enkli nan yon kanpis sèt bilding ki gen 1,790 inite

FirstService Residential

- Ekip la gen ladan: Jaros, Baum & Bolles Consulting Engineers, LLP
 - Yon bilding:
 - 111 W 67 St., New York, NY
 - Itilizasyon Melanje, 284 inite

HANAC

- Ekip la gen ladan: Steven Winter Associates
 - Yon bilding:
 - 27-40 Hoyt Avenue, Astoria, NY*
 - Lojman nan pri abòdab pou granmoun aje, 184 inite

Joint Ownership Entity NYC

- Ekip la gen ladan: MaGrann Associates ak CTA Architects
 - Kat bilding:
 - 439 W 125 St., New York, NY*
 - Bilding pou itilizasyon melanje nan pri abòdab, 21 inite
 - 865 E 167 St., Bronx, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 55 inite
 - 1203 Fulton Avenue., Bronx, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 29 inite
 - 575 E 168 St., Bronx, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 9 inite

Chelsea New York Realty Company LLC

- Ekip la gen ladan: RE Tech Advisors
 - Yon bilding:
 - 776 Sixth Ave., New York, NY
 - Itilizasyon Melanje, 387 inite

RiseBoro Community Partnership

- Ekip la gen ladan: Steven Winter Associates
 - De bilding:
 - 43 & 63 Central Avenue, Brooklyn, NY *
 - Rezidans nan pri abòdab, 98 inite

Otorite Lojman Syracuse

- Ekip la gen ladan: Cycle Retrotech, Taitem Engineering ak Hydronic Shell Technologies
 - Yon bilding:
 - 418 Fabius St., Syracuse, NY*
 - Rezidans nan pri abòdab, 54 inite

WinnDevelopment

- Ekip la gen ladan: SWBR, Open Market ESCO ak Rocky Mountain Institute
 - Yon bilding:
 - 471 John James Audubon Pkwy, Amherst, NY
 - Rezidans nan pri abòdab (lojman pou granmoun aje), 65 inite

Sisters of Charity Housing Development Corporation

- Ekip la gen ladan: KOW Building Consultants, Purpose by Design Architects ak Ettinger Engineering
 - Yon bilding, avèk yon pwomès adisyonèl pou rediksyon 10 pousan nan itilizasyon gaz fosil sou tout pwopriyete li yo nan Staten Island (sèt bilding nan total, 451 inite) jiska 2035:
 - 150 Brielle Ave., Staten Island, NY
 - Lojman nan pri abòdab pou granmoun aje, 80 inite

* Pwojè a sitiye nan yon kominote defavorize.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Empire Building Challenge revolisyonè New York la demontre valè patenarya piblik-prive ak kijan gwo bilding yo se yon pati enpòtan nan solisyon pou atake chanjman klimatik atravè envestisman kapital planifye. Manyèl Renovasyon pou Gwo Bilding yo ansanm ak nouvo gwoup patnè sa a pral sèvi kòm enspirasyon pou lòt pwopriyete bilding yo pandan y ap modènize bilding yo."

Kritè NYSERDA te itilize pou evalye pwopozisyon yo te enkli posibilite pou fèt sou gwo anplè ak fezabilite yon pwojè nan abòde gwo defi ki genyen nan dekarbonize bilding plizyè fanmi yo, ansanm ak volonte pwopriyete bilding lan ak kapasite pou aplike solisyon atravè pòtfèy bilding yo. Ou ka jwenn plis detay sou tout pwojè renovasyon yo sou [sit entènèt](#) Empire Building Challenge NYSERDA a.

Avèk anons sa a, Empire Building Challenge kounye a gen patenarya ak 27 lidè byen imobilye ki kontwole plis pase 400 milyon pye kare nan byen imobilye komèsyal ak plizyè fanmi nan New York, ak angajman piblik pou dekarbonize plis pase 128 milyon pye kare. An total, patnè sa yo kontwole plis pase 20 pousan espas biwo komèsyal nan Vil New York ak plis pase 200,000 inite lojman atravè Eta a. Sa reprezante yon siyal klè nan byen imobilye New York pou solisyon bon jan kalite, ki ba kabòn pou bilding komèsyal ki wo, ak tout bilding plizyè fanmi yo.

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Envestisman atravè Empire Building Challenge ap transfòme fason endistri bilding lan devlope ak aplike solisyon ki bon pou klima yo – yon pati enpòtan nan efò nou pou modènize bilding nou yo, amelyore kalite lè a, epi bay espas travay ki pi efikas nan enèji pou Nouyòkè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, NYSERDA ak gwoup prensipal yo anonse jodi a, paske yo kontinye sipòte objektif klimatik ak enèji pwòp nou yo."

Manyèl Renovasyon pou Gwo Bilding yo

La [Manyèl Renovasyon pou Gwo Bilding yo](#) pwofite siksè premye manyèl la, *Manyèl Empire Building: Yon Gid Pwopriyete pou Renovasyon Kabòn ki Ba*, ki te lanse nan Jounen Latè 2022 e ki te kreye atravè yon patenarya ant NYSERDA, Empire State Realty Trust, Inc. (ESRT) ak lòt patnè byen imobilye Empire Building Challenge. Manyèl orijinal la te reyimajine ki gen ladan nouvo etid ka ki konsantre sou defi pou dekarbonize bilding plizyè fanmi yo, epi kounye a gen ladann yon bibliyotèk resous elaji pou sipòte

pwopriyetè bilding yo ak ekip teknik yo nan planifikasyon ak egzekisyon pwojè modènizasyon ki ba nan kabòn. Manyèl Renovasyon pou Gwo Bilding sou entènèt ki nouvo ak amelyore a montre tou egzanp pi bon pratik nan dekarbonize espas biwo lokatè komèsyal yo nan Vil New York, yon sektè kle pou angaje nan dekarbonizasyon bilding yo.

Manyèl la kounye a gen ladan etid ka pou diferan kalite bilding, tankou bilding komèsyal ak plizyè fanmi; espesyalman, lojman abòdab, rezidansyèl ak bilding ki wo. Pifò nan nouvo pwojè sa yo se nan kominote defavorize yo epi estrateji yo mete aksan sou apwòch rantab pou dekarbonize bilding konplèks yo alavni, enfòmasyon teknik espesifik pou pwojè a, ak pi bon pratik pou pwopriyetè bilding yo pou yo atenn gwo enèji ak rediksyon kabòn nan pwopriyete yo. Li ede tou sipòte yon tranzisyon ekitab nan enèji pwòp ak konfò ak sante rezidan ki gen revni ba ak modere.

Konklizyon enpòtan soti nan manyèl la gen ladan:

- **Konsantre sou chalè:** diminye, resikle ak estoke chalè se yon fason prensipal pou diminye emisyon gaz a efè sè nan yon bilding epi reyalize yon gwo retou sou investisman.
- **Ti etap kreye yon gwo enpak:** investisman gradyèl atenn rediksyon kabòn enpòtan alavni.
- **Odit enèji tradisyonèl yo pa ase:** dekarbonizasyon mande yon analiz sistèm rijid sou chofaj ak refwadisman bilding antye, vantilasyon, dlo cho domestik ak anvlòp.
- **Lokatè yo se kle:** pwopriyetè bilding yo pral akselere investisman nan espas biwo ki bon pou klima si lokatè yo demontre demann.

Aprè yon sèten tan, y ap ajoute etid ka adisyonèl nan Manyèl la, ki montre travay [patnè](#) Empire Building Challenge yo.

Building Energy Exchange, Rocky Mountain Institute, ak Urban Land Institute (ULI) te patnè entegral pandan konsepsyon sitwèb la ak pwosesis konstriksyon, yo te pote ekspètiz endistri a pou bay opinyon atravè iterasyon konsepsyon ak pwofite meyè eksperyans itilizatè (UX) ak konsiltan konsepsyon grafik yo pou kreye Manyèl la. Patnè sa yo pral kontinye sipòte difizyon Manyèl la, devlopman nouvo kontni, ak jesyon resous ak etid ka piblik la soumèt.

Direktè Egzekitif Building Energy Exchange, Richard Yancey, FAIA, LEED AP, te deklare, "Pandan plis pase dezan, BE-Ex te sipòte EBC atravè pwogram edikatif ak resous nou yo, pataje istwa etonan ki soti kote patnè EBC yo ak pwojè revolusyonè yo. Nou kontan dèske nou lanse nouvo platfòm konesans sa a, ki non sèlman eksplike yon apwòch enpòtan nan dekarbonizasyon gwo bilding, men tou bay pwopriyetè bilding, administratè, ak founisè solisyon plan pou dekarbonizasyon estratejik atravè etid ka mond reyèl la, detay sou pwojè sa yo ak zouti ak resous yo fè konfyans."

Direktè Rocky Mountain Institute, Brett Bridgeland, te deklare, "Manyèl Renovasyon pou Gwo Bilding yo prezante yon apwòch estratejik dekarbonizasyon twa

etap, kote efikasite l te pwouve atravè lidè sektè imobilye ak konsiltan ekspè yo. Pwopriyete bilding yo ak ekip yo ka itilize apwòch sa a pou amelyore pwopriyete yo atravè solisyon enjeniri entegre ki asosye yon fason estratejik ak planifikasyon kapital alontèm pou dekarbonizasyon efikas. Resous teknik yo se sa ki fè Manyèl sa a remakab."

Ko-direktris Egzekitif Sant ULI Randall Lewis pou Dirabilite nan Byen Imobilye, Marta Schantz, te deklare, "Modènize gwo byen se yon bagay difisil. Ajoute nan kompleksite elektrifikasyon yo ak yon klima frèt, epi li ankò pi difisil. ULI kontan dèske NYSERDA ap edike mache a sou dekarbonizasyon estratejik ak nouvo resous Manyèl Renovasyon pou Gwo Bilding li a."

Bilding yo se youn nan sous emisyon gaz a efè sè ki pi enpòtan nan Eta New York. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola te envesti pou dekarbonize bilding yo. Lè nou amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo ak fè avanse enstalasyon ekipman estokaj, enèji renouvlab ak ekipman rechaj pou veyikil elektik yo sou plas nan tout eta a, Eta a pral redwi polisyon kabòn li epi atenn sib anbisyè eta te etabli pou l redui konsomasyon enèji pa 185 BTU (British thermal units) dis 2025, ki ap ekivalan a alimantasyon 1.8 milyon kay. Nou ankouraje pwopriyete bilding yo, founisè solisyon yo, fabrikasyon yo ak lòt moun ki enterese yo pou yo vizite [sit entènèt NYSERDA](#) pou plis detay sou Empire Building Challenge epi pou aprann kijan pou fè patenarya ak NYSERDA, redwi emisyon kabòn, epi patisipe nan ekonomi enèji pwòp.

Pwogram sa a finanse atravè Fon Enèji Pwòp (CEF) 6 milya dola sou 10 ane NYSERDA a. Gen plis enfòmasyon sou CEF la ki disponib sou [sitwèb NYSERDA](#).

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Envestisman New York (New York Cap-and-Invest, NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030. ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwòje enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon

pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plise pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)